



The Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of Health and Human Services  
Depatman Sante Publik  
Biwo Maladi Enfektyez ak Laboratwa Syans  
305 Boylston Street , Jamaica Plain, MA 02130

MAURA T. HEALEY  
Gouvènè

KIMBERLEY DRISCOLL  
Lyetnan Gouvènè

KATHLEEN E. WALSH  
Sekretè

ROBERT GOLDSTEIN, MD, PhD  
Komisè

Tel: 617- 624-6000  
[www.mass.gov/dph](http://www.mass.gov/dph)

Destinatè: Direktè Kan  
Ekspeditè: Pejman Talebian, MA, MPH, Direktè, Divizyon Vaksinasyon  
Dat: 26 mas 2025  
Sijè: Vaksinasyon Obligatwa pou Timoun K ap Patisipe nan Kan ak Anplwaye Kan

Selon [Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini](#), "lè plis pase 95% moun nan yon kominate vaksinen (kouvèti >95%), piò moun pwoteje gras ak iminite kominate a (Iminite kolektif)." Yo te rapòte 285 ka lawoujòl nan Etazini pandan 2024 ak youn nan MA ak plizyè nan eta ki tou pre yo. Piò ka yo te rapòte nan Etazini yo se jèn moun (73% te genyen mwens pase 20 an) epi yo pa t vaksinen oswa yo te genyen yon istorik vaksinasyon enkon (89%). Yon sèl ka lawoujòl ka ekspoze plizyè douzèn e menm plizyè santèn moun, sa ki gendwa lakoz maladi, vizit medikal pou vaksinasyon, ak plizyè jou travay ak lekòl rate akoz karantèn sila yo ki manke prèv vaksinasyon kont lawoujòl. Fason pou evite sitiaysyon sa a, ki kapab kanpe yon kan d ete, se asire ke tout timoun k ap patisipe nan kan an ak anplwaye kan yo genyen prèv iminite kont lawoujòl.

**Vaksen Obligatwa:**

Estanda Minimòm pou Kan Rekreyasyonèl pou Timoun 105.CMR430.152 te aktyalize. Egzijans vaksinasyon pou timoun k ap patisipe nan kan swiv egzijans vaksinasyon lekòl Massachusetts, jan sa prezante nan tablo [Egzijans Vaksinasyon Lekòl Massachusetts](#), k ap reflete nouvo egzijans: vaksen menengokokal (MenACWY) pou elèv k ap antre nan 7<sup>yèm</sup> ane ak 11<sup>yèm</sup> ane (nan dat oswa apre 16<sup>yèm</sup> anivèsè, nan dezyèm ka a; gade tablo ki annapre a pou plis detay). Timoun yo ta dwe ranpli kondisyon vaksinasyon pou klas yo pral rantre nan ane lekòl apre sesyon kan yo a. Timoun k ap patisipe nan kan ki poko genyen laj pou ale lekòl ta dwe swiv egzijans vaksinasyon Gadri/Preskolè yo a ki nan tablo Egzijans Vaksinasyon Lekòl la.

Patisipan nan kan, anplwaye ak volontè 18 an ak pi gran ta dwe swiv egzijans vaksinasyon ki prezante nan dokiman [Vaksinasyon Okipasyon Granmoun](#).

Paj ki annapre yo genyen yon pòsyon nan tablo Egzijans Vaksinasyon Lekòl Massachusetts ak tablo Vaksinasyon Pwofesonèl Granmoun ki enpòtan pou kan.

Si w genyen nenpòt kesyon sou vaksen, rekòmandasyon vaksinasyon, oswa ta sispek oswa ta konfime ka maladi, tanpri kontake Divizyon Vaksinasyon MDPH la nan [ImmAssessmentUnit@mass.gov](mailto:ImmAssessmentUnit@mass.gov). Abòde kesyon sou aplikasyon ak konseye jiridik ou a.

Gade paj ki annapre yo pou Klas Kindègadenn–6 ak Klas 7yèm–12yèm ane ak patisipan nan kan, anplwaye, ak volontè 18 lane ak pi gran

## Klas Kindergarten–6<sup>¶</sup>

Nan sal klas preskolè, egzijans kindègadenn yo aplikab pou tout elèv yo  $\geq 5$  an.

DTaP/Tdap	<b>5 dòz;</b> 4 dòz akseptab si yo bay katriyèm dòz la nan dat 4 <sup>yèm</sup> anivèsè dat nesans lan; DT ap akseptab sèlman ak yon lèt ki esplike kont endikasyon medikal pou DTaP
Polyo	<b>4 dòz;</b> yo dwe bay katriyèm dòz la apre 4 <sup>yèm</sup> anivèsè a ak $\geq 6$ mwa apre dòz anvan an oswa yon senkyèm dòz nesesè; 3 dòz akseptab si yo bay twazyèm dòz la nan dat oswa apre 4 <sup>yèm</sup> anivèsè ak $\geq 6$ mwa apre dòz anvan an
Epatit B	<b>3 dòz;</b> prèv laboratwa iminite akseptab
MMR	<b>2 dòz;</b> yo dwe bay premye dòz la nan dat 1 <sup>ye</sup> anivèsè a oswa annapre, epi yo dwe bay dezyèm dòz la $\geq 28$ jou apre premye dòz la; prèv laboratwa iminite akseptab
Varisèl	<b>2 dòz;</b> yo dwe bay li nan 1 <sup>ye</sup> annivèsè nesans lan epi yo dwe bay dezyèm dòz la $\geq 28$ jou apre premye dòz la; yon istorik fyab varisèl oswa prèv laboratwa iminite akseptab

§ Abòde kesyon sou aplikasyon ak konseye jiridik ou a.

\* Yon istorik varisèl fyab ki genyen ladann yon dyagnostik varisèl oswa entèpretasyon deskripsyon varisèl yon medsen, enfimyè pratikan, asistan medsen oswa reprezantan pou paran/gadyen an.

Gade paj ki annapre yo pou Klas 7<sup>yèm</sup>–12<sup>yèm</sup> ane ak patisipan nan kan, anplwaye, ak volontè 18 lane ak pi gran

## Klas 7yèm– 12yèm ane<sup>†</sup>

Nan sal klas preskolè, egzijans 7yèm Ane yo aplikab pou tout elèv  $\geq 12$  an.

Tdap	<b>1 dòz;</b> ak istorik seri prensipal DTaP oswa vaksen ratrapaj ki apwopriye pou laj; Tdap ke yo bay a $\geq 7$ an gendwa konte, men yon dòz nan laj 11–12 an rekòmande si yo te bay Tdap la pi bonè nan kad yon orè ratrapaj; yo ta dwe bay Td oswa Tdap si genyen $\geq 10$ ane ki pase depi dènye Tdap la
Polyo	<b>4 dòz;</b> yo dwe bay katriyèm dòz la apre 4 <sup>yèm</sup> anivèsè a ak $\geq 6$ mwa apre dòz anvan an oswa yon senkyèm dòz nesesè; 3 dòz akseptab si yo bay twazyèm dòz la nan dat oswa apre 4 <sup>yèm</sup> anivèsè ak $\geq 6$ mwa apre dòz anvan an
Epatit B	<b>3 dòz;</b> prèv laboratwa iminite akseptab; 2 dòz Heplisav-B ke y ap bay nan dat oswa apre 18yèm anivèsè a akseptab
MMR	<b>2 dòz;</b> yo dwe bay premye dòz la nan dat 1 <sup>ve</sup> anivèsè a oswa annapre, epi yo dwe bay dezyèm dòz la $\geq 28$ jou apre premye dòz la; prèv laboratwa iminite akseptab
Varisèl	<b>2 dòz;</b> yo dwe bay li nan 1 <sup>ve</sup> annivèsè nesans lan epi yo dwe bay dezyèm dòz la $\geq 28$ jou apre premye dòz la; yon istorik fyab varisèl oswa prèv laboratwa iminite akseptab
Menengokokal <b>Klas 7yèm– 10yèm ane</b>	<b>1 dòz;</b> yo dwe bay dòz sa a nan dat oswa apre 10 <sup>yèm</sup> anivèsè a. Vaksen Menengokokal B konjige MenACWY (ke yo te konnen sou non MCV4) ak MenABCWY ranpli kondisyon sa a; vasksen menengokokal B monovalan (MenB) pa obligatwa epi li pa ranpli kondisyon sa a.
Menengokokal <b>Klas 11yèm–12yèm<sup>‡</sup></b>	<b>2 dòz;</b> yo dwe bay dezyèm dòz MenACWY (ke yo te konnen sou non MCV4) la nan dat oswa apre 16yèm anivèsè ak $\geq 8$ semèn apre dòz anvan an; 1 dòz akseptab si yo te bay li pandan oswa apre 16 <sup>yèm</sup> anivèsè a. Vaksen Menengokokal B konjige MenACWY (ke yo te konnen sou non MCV4) ak MenABCWY ranpli kondisyon sa a; vasksen menengokokal B monovalan (MenB) pa obligatwa epi li pa ranpli kondisyon sa a.

§ Abòde kesyon sou aplikasyon ak konseye jiridik ou a.

\* Yon istorik varisèl fyab ki genyen ladann yon dyagnostik varisèl oswa entèpretasyon deskripsyon varisèl yon medsen, enfimyè pratikan, asistan medsen oswa reprezantan pou paran/gadyen an.

† Elèv ki genyen 15 an ki nan 11yèm ane yo an konfòmite jiskaske yo genyen 16 an.

Gade paj ki annapre yo pou patisipan nan kan, anplwaye, ak volontè 18 lane ak pi gran

**Patisipan nan kan, anplwaye, ak volontè 18 lane ak pi gran**

MMR	<b>2 dòz;</b> nenpòt moun ki te fèt apre 1957; <b>1 dòz;</b> nenpòt moun ki te fèt anvan 1957 andeyò Etazini; yo konsidere nenpòt moun ki te fèt nan Etazini avan 1957 kòm iminize; prèv iminite lawoujòl laboratwa, mal mouton, ak woubeyòl akseptab
Varisèl	<b>2 dòz;</b> nenpòt moun ki te fèt nan dat oswa apre 1980 nan Etazini ak nenpòt moun ki te fèt andeyò Etazini, yo konsidere nenpòt moun ki te fèt anvan 1980 iminize; yon istorik varisèl* fyab oswa prèv iminite akseptab
Tdap	<b>1 dòz;</b> ak istorik seri prensipal DTaP oswa vaksen ratrapaj ki apwopriye pou laj; Tdap ke yo bay nan $\geq 7$ an gendwa konte, men yon dòz nan laj 11–12 an rekòmande si yo te bay Tdap la pi bonè nan kad orè ratrapaj; yo ta dwe bay Td oswa Tdap si genyen $\geq 10$ ane ki pase depi dènye Tdap la
Epatit B	<b>3 dòz;</b> (oswa 2 dòz Heplisav-B) pou anplwaye ki genyen responsabilite tankou premye sekou; prèv iminite laboratwa akseptab

\* Yon istorik varisèl fyab ki genyen ladann yon dyagnostik varisèl oswa entèpretasyon deskripsyon varisèl yon medsen, enfimyè pratikan, asistan medsen oswa reprezantan pou paran/gadyen an.